# T.MÁTMURATOVTIŃ QARAQALPAQ ÁDEBIYATINDA DÓRETIWSHILIK JOLI SHAYIRDIN' "SADIQLIQ " POEMASI

**Keńesbaeva Aynura**

*Berdaq atindag'ı Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti Qaraqalpaq Filologiyasi hám Jurnalistika fakuletetiniń 3-kurs studenti*

Tólepbergen Mátmuratov ádebiyatımızda óz talantı menen tanılǵan lirik shayırlarımızdıń biri. Ol 1939-jılı 1-sentyabrde Qaraózek rayonınıń Qarakól awılında tuwıldı.

1963-jılı Tashkent Mámleketlik universitetin pitkerip «Erkin Qaraqalpaqstan» hám «Qaraqal-paqstan jasları» gazetalarında, televidenie hám radio esittiriw komitetinde isledi. 1969-jıldan baslap «Ámiwdárya» jurnalında poeziya bóliminiń baslıǵı, juwaplı hatker, bas redaktordıń orınbasarı lawazımların atqardı.

T.Mátmuratov 1969-jılı Jazıwshılar awqamınıń aǵzası boldı. Ol ádebiyatımızǵa XX ásirdiń 60-jılları kirip keldi hám usı jıllardan baslap baspa sózde shıǵarmaları shıǵa basladı. Shayırdıń «Aq terek pe, kók terek» (1964), «Lirika» (1966), «Gózzallıq oyandı» (1970), «Aysánem» (1973), «Ashılısıw» (1977), «Arzıw shámeni» (1981), «Jaqsılıq sarayı» (1986), «Juldızlar janar» (1989) sıyaqlı birneshe poeziyalıq kitapları basılıp shıqtı. Shayırdıń rus tilinde eki toplamı (1984, 1988) jarıq kórdi. T. Mátmuratov Qaraqalpaqstan Jaslar awqamı sıylıǵınıń laureatı (1977), Berdaq atındaǵı Qaraqalpaqstan Mámleketlik sıylıǵınıń laureatı (1986) boldı. Oǵan «Ózbekstanǵa miyneti sińgen mádeniyat hızmetkeri» ataǵı da berildi. Tez ósip, ádebiyatımızdıń bayıwına salmaqlı úles qosıp kiyatırǵan talantlı lirik shayır T. Mátmuratov 1984-jılı 45 jasında tosattan qaytıs boldı.T.Mátmuratov ádebiyatımızǵa 60-jılları «O, qanday ájayıp» qosıǵı menen kirip keldi. Bunda gilem toqıwshı qaraqalpaq qızınıń ájayıp she-berligi menen jaslıq júrektiń gilem naǵısınday sulıwlıǵı súwretlengen. T. Mátmuratov bárqulla dóretiwshilik izleniwde folklorlıq hám klassikalıq ádebiyattıń úlgilerine qosa batıs ádebiyatınıń dástúrlerinen tereń úyrendi. Shayır talantlı lirik shayır sıpatında rus shayırları M. Lermontov, S. Eseninniń shıǵarmaların jiyi awdaradı hám olardıń temalarına qızı-ǵadı. Ásirese, qaraqalpaq ádebiyatınıń klassikleri Ájiniyazdıń hám Berdaqtıń shıǵarmalarınan ruwhıy azıq aladı. Shayır keń jámiyetshilikke óz dóretpeleri arqalı hadallıq, adamgershilik, ádillik, sadıqlıq, shın doslıq sıyaqlı eń aǵla pazıyletlerdi taratıp úlgerdi. Shayırdıń jas bolıwına qaramastan aqıl-násiyat hám tereń filosofiyaǵa qurılǵan oy-pikirleri kewilge qonımlı bolıp keledi. Shayır «Adamgershilikke abaylı bolıń» qosıǵında hárbir adamdı insan sıpa-tında tanıtatuǵın baslı belgi adamgershilik sezimler, usı adamgershilik qásiyetlerdi hárbir adamnıń kózdiń qarashıǵınday abaylap-saqlawı kerek, degen ideyanı alǵa súredi.

Áyyemnen kiyatırǵan hárqanday jamanlıqtıń ústinen jaqsılıq ideyasın jeńip shıǵarıw shayır qosıqlarınıń ózegi boldı.

Sonlıqtan da, ol «Kókte quyash qalsın, jerde jaqsılıq» degen qosıǵında janlı tirishiliktiń bárshesi ushın kóktegi quyash qanshelli zárúr bolsa, adam balası ushın jaqsı nárselerdiń,

islerdiń, adamlardıń oǵada zárúr ekenligi shayır qosıǵınıń tiykarǵı ideya-tematikasın belgilep beredi.

Óziniń hár bir qosıǵında insanıylıq pazıyletlerdi kótermelep kelgen shayırdıń shıǵarmaları óz zamanlasları bolǵan ádebiyat wákilleriniń de dıqqatınan shette qalmadı. T.Mátmuratov haqqında qaraqalpaq ádebiyatınıń belgili talant iyesi Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı SH.Seytov shayırdıń "Jaqsılıq sarayı" toplamına jazǵan alǵı sózinde "Sen kóz jasınday móldir muhabbettiń, tańǵı shıqtay taza hújdannıń, asqar tawday joqarı adamgershiliktiń, qara bastıń ǵamı ushın emes, pútkil adamzattıń iygiligine baǵıshlanǵan nanday hadal miynettiń maqpal dawıslı, bálent lapızlı jırshısı ediń"-dep eske túsirse, professor S.Bahadirova: "Ol ádebiyatta qaytalanbaytuǵın haqıyıqıy shayır, haqıyıqy insan edi, onıń ómir jolı da ózi de ápiwayı, tek ǵana onıń qosıqları ápiwayı emes edi.... " dep jazadı.

Bul pikirlerdi belgili ilimpaz T.Mámbetniyazovtıń izertlewleri de tastıyıqlap turadı. Ilimpaz óz izertlewlerinde shayır ózi ómirde qanday jaqsı insan bolsa, ádebiy-kórkem dóretiwshilik miynette de jasılıqtıń ájayıp jırshısı bolǵanlıǵın ayrıqsha atap ótedi.

Shayırdıń óziniń de, poeziyasınıń da usınday bir ájayıp dúnya ekenligin waqtında durıs ańlay bilgen akademik M.Nurmuxammedov shayır poeziyasınıń dáslepki dáwirlerden-aq bul poeziyanıń arnawlı izertlewge turarlıq ekenligin atap ótken. Shayıdıń dóretiwshiligi ádebiy ilimpazlardıń da názerinen shette qalmadı. S.Axmetov, Q.Sultanov, Q.Kamalov usaǵan ilimpazlar da onıń dóretiwshiligine ayrıqsha baha berdi.

2000-jıllardıń basında ilimpaz E.Eshniyazova shayır poeziyasındaǵı sheberlik máselesi boyınsha arnawlı ilim-izertlew jumısın júrgizdi.

T. Mátmuratovtıń qosıqları janrlıq hám ideya-tematikalıq jaqtan oǵa-da bay. Shayır dóretiwshiliginde klassikalıq poeziyamızda keń qolla-nılǵan jaydarı qosıq úlgilerinen baslap batıs ádebiyatındaǵı erkin qosıq (verlibr) forması, shıǵıs ádebiyatındaǵı ekilik (másnawiy), tórtlik, beslik (muhammes), altılıq, táriyip, arnaw, tolǵaw, elegiya h.t.b. janrlıq for-malardan sheberlik penen paydalanǵanlıǵın kóremiz.

Shayır ekinshi jáhán urısı temasına arnap, «Urıs dártleri» poemasın dóretti hám onda urıstıń halqımız turmısına alıp kelgen awır aqıbetlerin hárbir qaharmannıń tilinen bayan etip tábiyiy halında súwretlegen. Shayır dúnya júzine belgili nemec halqınıń ullı shayırı Gyoteniń «Faust» shıǵarmasın qaraqalpaq tiline awdardı. Shayırdıń ózi de 80-jıllarǵa kelip, «Jaqsı adamnıń júregi» liro-dramalıq poeması menen «Meniń juldızım» romantikalıq-realistlik poemasın dóretti. Avtor «Jaqsı adamnıń júregi» shıǵarmasın dramalıq poema dep ataydı.

Ulıwma alǵanda, T.Mátmuratov qaraqalpaq ádebiyatında ózine tán dóretiwshilik jolına, stiline iye shayır sıpatında belgili. Onıń hárbir shıǵarmasında qaraqalpaq perzentiniń Watanǵa degen súyispenshiligi, sadıqlıǵı, muhabbatı súwretlengen. Usı tárepleri menen qaraqalpaq ádebiyatınıń poeziya tarawınıń bir ústini bolıp, shıǵarmaları kitap oqırmanları tárepinen búgingi kúnhe shekem súyip oqıladı.

"Sadıqlıq" poeması

Kórkemlilik kórkem ónerdiń janı hám ruwxı bolǵanlıqtan, onı júzege shıǵarıwshı tiykarǵı qurallardan biri – kórkem obraz. Obrazsız kórkem shıǵarma bolıwı múmkin emes. Kórkem óner hám ádebiyatta ómir obrazlar arqalı sáwlelendiriledi. Qaysı shıǵarmaǵa názer salıp qarasaqta onıń tiykarın obrazlar sisteması quraydı. Sebebi obrazlar sisteması kórkem shıǵarmanı mazmunlıq hám formalıq jaqtan bayıtıp, tolıqtırıp otıradı.

Obraz – kórkem ádebiyat penen óner shıǵarmalarında turmıs haqıyqatlıǵın belgili bir usıllarda sáwlelendirgen jámiyetlik qubılıslar, tábiyiy kórinisler hám adamlardıń minez-qulqı, ádep-ikramlılıǵı (xarakteri). Ádebiy dóretpelerde kóbirek obraz atamasında jazıwshı tárepinen súwretlengen insan minez-qulqı, onıń dúnyaǵa kózqarası, oy-pikiri hám sezimler álemi túsiniledi.

Obraz jaratıw ushın jazıwshı yaki shayırdan úlken sheberlik, tájiriybe talap etiledi. Óytkeni shıǵarmada hár bir obrazdıń ózine tán poziciyası, minez-qulqı, is-háreketleri boladı hám bular bir-birin tákirarlamaǵanda, bir-birinen parıq qılǵanda ǵana haqıyqıy kórkem obraz jaratıladı. Obraz degende insan ómiriniń kórkem kórinisleri túsiniledi. Ádebiyatshı T.Boboev kórkem obrazdıń tórt qásiyetin atap kórsetedi:

a) ulıwmalasqanlıq;
b) konkretlilik, individuallıq;
v) kórkem toqımadan paydalanıw;
g) súwretlewde tásirsheńlikke erisiw.

Kórsetilge bul qásiyetler kórkem obraz jaratıwdaǵı tiykarǵı belgiler esaplanadı.

Obrazdıń isenimli hám sátli shıǵıwı dóretiwshiniń sheberline ǵárezli boladı. Bul boyınsha ózbek ádebiyatshısı H.Umurov: "Shıǵarma jaratıw procesinde jazıwshınıń sanası ekige bólinedi: ol (avtor) jaratıwshı, ol (oqıwshı) bahalawshı. Áne usı jaratıwshılıq hám bahalawshılıq jaǵdaylarınıń sáykesligi shıǵarmanıń tásir kúshin támiyinleydi. Eger birinshi jaǵday – jazıwshınıń dóretiwshilik procesinde ózgeniń (obrazdıń) "terisine kire alıw"ǵa, onıń ruwxı menen jasay alıwǵa hám waqıyanıń qatnasıwshısına aylanıwǵa alıp kelse, ekinshi jaǵday – obrazdı ózinen ajıratıwǵa, oǵan sál uzaqlawdan názer taslawǵa imkaniyat beredi", - dep kórsetedi.

Hárqanday kórkem obraz – kórkem ónerdiń hám kórkem ádebiyattıń súwretleniwshi obyekti bolıp esaplanadı. Máselen, T.Mátmuratovtıń "Sadıqlıq" poemasında konkret qaharmanlar obrazın epikalıq jobada ashıp beriwge umıtılıwshılıq bar. "Sadıqlıq" poemasında urıs dáwirindegi jas jubaylar Gúlziyba menen Qunnazardıń táǵdiri súwretlenedi.

Gúlziyba el-jurtın qorǵawǵa atlanǵan Qunnazardıń qazalanǵanlıǵı jóninde "qara qaǵaz" alsa da, onı ómir boyı kútedi, ulın er jettirip, adam qatarına qosadı. Poema syujeti eki bólimge bólinip, birinshi bólimde Gúlziybanıń yar jolında kóz tigiwdegi saǵınısh oy-qıyalları, kewil-keshirmeleri berilgen bolsa, al ekinshi syujtinde Gúlziybanıń súyikli yarı Qunnazardıń xatlarına arnalǵan bolıp, bul bólim "Qunnazardıń xatları" dep ataladı. Qunnazar urıs maydanında kórgen-keshirgen waqıyaların, ayawsız urıstıń suwıq aqıbetlerin óz xatlarında bayan etedi.

Poemada Gúlziyba obrazındaǵı sabırlılıq, mártlik, adamgershilik usaǵan pazıyletler onıń turmıs qıyınshılıqlarına qarsı tózimli gúresinde tómendegi qatarlarda ayqın sáwleleniwin tabadı:

“Úyge júr, dep áke keldi,
Úyge júr, dep sheshe keldi,
Bawırına basıp ulın,
Jesir kúni keshe berdi.
Jawıngerdiń shańaraǵın,
Jıǵıp qalay ketermen dep,
Onıń bala-shaǵaların,
Qıyıp qalay ketermen dep”.
***
“Kóz aldına elesletip,
Yar diydarın saǵınadı.
Yarı joǵı tur-aw ótip,
Basqa bári tabıladı”.
“Qoy, kewlim, ázzi bolma,
Qapalanıp, qamıqpaǵıl,
Quwanıshqa qanat qomla,
Yar kútiwden jalıqpaǵıl”.

Poemanıń “Qunnazardıń xatları” bóliminde Watan ushın dushpanǵa qarsı shıǵıp, qolına qural alǵan jawınger jigit kelbeti onıń elge, xalıqqa, Watanǵa, ata-anaǵa, súyikli yarına, perzentine degen muhabbat sezimlerin ashıp kórsetiw arqalı jasalǵan:

“Qural aldım qollarıma,
Elim ushın, súyiklim,
Dushpan kelgen baǵlarıma,
Ólim ushın súyiklim.
Atlanǵanman jawlarıma,
Jeńiw ushın súyiklim,
Atlanǵanman jawlarıma,
Seniń ushın súyiklim,
Sen qaray ber jollarıma,
Meniń ushın súyiklim”.

Juwmalqap aytqanda, “Sadıqlıq” poemasında Gúlziyba hám Qunnazar obrazları arqalı qaraqalpaq xalqınıń qıyın dáwirlerinde de bir-birine sadıqlıq sezimleriniń kúshli belgisi kórsetip berilgen. T.Mátmuratov lirikalıq shıǵarmaǵa epikalıq pafos berip, onda eki obraz arqalı-aq úlken dáwir turmısın, qıyınshılıǵın jarıtıp bere alǵan. Urıs teması úlken romanlarda da óz sáwleleniwin tapqan bolsa, bir poemanıń ózinde eki obraz arqalı kórkem bayanlanǵan. Bul avtordıń individual sheberliginen dárek beredi.

PAYDALANILG'AN ÁDEBİYATLAR:

1.Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыўы тарийхы. Нөкис, «Билим», 2004.

2.Насруллаев Ә. Заман ҳәм лиро- эпикалық поэзия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985.

3.Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004.

4.Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011.